

# Bon Nouvèl



*Journal pou moun ki renmen lang manman yo*

42° ane \* n° 464 \* Sektanm 2009

*Pri journal la : 10 goud*

## *Tonton Bicha di : Wi Mwen kapab*



# METÒD LA

- 2 Avangou : Sektanm mwa tèt chaje
- 3 Koze mande chèn : Asanble a fè kouch nòm, 200 goud la rete nan pasay!  
Nouvèl kout
- 5 Ti refleksyon sou Ayiti:  
Ki enpak mizik Rap gen sou sosyete a ?
- 7 Touris lokal : Miragwàn
- 9 Ki moun ou ye: Marie Carme Sineas
- 10 Paj pou jèn yo : Rantre lekòl ane sa a bay anpil bougonnen  
-Wi, mwen kapab!: Eske Sekreteri Deta Alfabetizasyon an kapab?  
-21 sektanm : jounen entènasyonal pou lapè  
-Espò - Volebòl : Kan dete Bannzay 2009 Chanpyona nasyonal Volebòl la :
- 14 Pawòl Bondye : Wòl Lespri Sen an
- 16 Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

Depi 7 sektanm ki sòt pase a, lekòl yo louvri pòt yo pou yon nouvèl ane. Mwa sektanm se moman tèt chaje pou anpil manman ak papa pitit, pou anpil jèn ki pa konnen ki sen y ap rele pou yo kapab jwenn chans al chita sou ban lekòl. Afè lekòl gratis, lekòl pou tout moun, jan konstitisyon peyi a mande l nan atik 32-1, se pawòl dokiman ki rete kole nan tiwa « nou pa sou sa », se toujou pa vre pou Ayiti.

Lekòl koute chè anpil. Malgre sa, pwodwi ki rele « edikasyon an » k ap vann chè konsa, pa menm bon pase sa. Lè nou sonje rezilta egzamen ofisyèl yo ane sa a nou konstate sa ankò yon fwa. Pou klas Filo a, sou chak 100 elèv ki t al konpoze, se 32 sèlman ki bon. Nan klas reto a menm se pi mal. Sou chak 100 elèv ki t al konpoze, se 16 sèlman ki bon. Echèk nan 2 klas sa yo ansanm monte 77 % !



Gade ka Loran, papa 6 pitit nan laj pou y ale lekòl. Li gen Fifi, pi gran an ki t al konpoze nan BAK 1, apre klas reto a. Fifi elimine .... Loran ap kalkile. Kisa k fè l pa bon ? Eske li pa travay. Loran blije di, Fifi travay anpil, li sou lekòl, tout tan liv lekòl nan men l, l ap etidye. Eske se lekòl li a ki pa bon ? Loran ap kalkile toujou. Lekòl Fifi te koute l pou ane a : 31.500 goud (liv, inifòm ak transpò piblik pa ladann). Rezilta depans sa yo : Nil ! Li poko konnen sa l ta ka fè pou Fifi kontinye ? Anpil lekòl gentan monte lajan paran yo dwe peye pou frè ak kòb yo dwe peye chak mwa. Sa yo fè ak pwojè lwa ki vle regle sa (gade Bon Nouvèl mwa pase a)? Lajan lekòl ogmante, lavi chè monte mòn. Loran travay nan faktori ... Espwa salè minimòm 200 goud la mouri nan machin tètansanm leta, gran patwon ak palmantè yo. Menm moman li tande pri gaz monte, pri kouran elektrik la double. Pandan pèp la pran tout baf sa yo senatè yo ap vote amelyorasyon kondisyon pa yo.... Ki moun, rezidan lachanm sa yo reprezante ?

*Dirèk*

### Asanble a fè kouch nòm, 200 goud la rete nan pasay!

*Après plizyè semèn pale anpil, diskisyon, manifestasyon etidyan ak ouvriye nan faktori pou mande mesyedam depite yo kenbe 200 goud yo te vote a, Asanble depite yo, rive vote anfavè objeksyon chèf leta a ki fikse pipiti kòb yon moun ka touche (salè minimòm) a 125 goud chak jou olye 200 goud, jan de chanm yo te pwopoze l. Si gen kèk palmantè ki kriye viktwa, gen lòt ki pa kache desepsyon yo.*

Seyans ki te dwe fèt sou lwa ki fikse pipiti lajan ouvriye dwe touche sou tout teritwa peyi d'Ayiti a pa t fini yon dezwyèm fwa, jou ki te mèkredi 12 dawout la. Palmantè nan chanm ki pi ba a, pa t rive vote sou objeksyon prezidan Rene Preval la. Gwoup 26 depite, ki se yon gwoup ki fòme pou defann 200



goud la te leve kite seyans la, konsekans pa t ka gen kowòm, prezidan chanm nan, Levayan Lwijèn te deside voye afè a pou yon lòt jou.

Gwoup 26 la ki te ekri prezidan Biwo a pou reprann seyans madi 4 dawout la paske l pa t fini, te boude aktivite nan yon moman kote pa t ka gen antant yo menm ak Levayan Lwijèn sou metòd y ap adopte pou rive sou vòt objeksyon sou lwa lajan ki pi piti a.

Selon Estivenn Benwa, depite ki te pran inisiativ Lwa sou pipiti kòb moun k ap travay dwe touche, denonse sa l rele «koutba», ekzekitif la nan dosye a pou chanbade seyans la. Benwa pa kache desepsyon l lè l gade kouman pwopozisyon lan ap fè virewon nan chanm ki pi ba, san asanble depite a pa rive ak anyen ki klè. “Mwen fatige ! Se sèlman 9 seyans ki rete anvan depite yo ale nan vakans nan mwa sektanm nan». Se te deklarasyon depite Petyonvil la jounen mèkredi 12 dawout 2009 la.

Te gen desepsyon tou lakay prezidan Lwijèn ki kritike taktik gwoup 26, ladan l ou jwenn depite Petyonvil la, Estivenn Benwa, pou anile kowòm nan, pandan l di l ap kontinye fè travay li kòm prezidan chanm Depite a avèk konsyans li trankil.

**26 JIJÈ:** Yon bato ki te gen anviwon 200 ayisyen ladann, te koule nan zòn Zile Tik Kayikòs (Iles Turks and Caicos). Gadkot Ameriken ak Tik yo sove 118 pasaje sèlman, yo jwenn 13 mò, anviwon 70 lòt disparèt. Reskonsab anbasad la, Mesye Thomas C. Tighe te voye kondoleyans li bay paran ak zanmi moun sa yo. (sous: Anbasab Ameriken)

**5 OUT:** Yon jenn gason 25 lane ki rele Rikado Morèt (Ricardo Morette) mouri anba bal sòlda Minista nan Laskawobas (Depatman Sant). Selon rapò

komite dwa moun nan Laskawobas, se pandan yon gwoup moun te monte barikad pou manifeste pou elektrisite ki pa genyen nan zòn nan, sòlda Minista yo te kraze barikad la. Popilasyon an ki te vin fache tonbe tire wòch, sòlda Minista yo reponn ak zam, konsa yon moun mouri epi 5 lòt blese. (sous: Garr)

**12 OUT:** Komisyon Jistis ak Lapè te bay yon nòt pou laprès sou lajistis k ap make pa sou plas, kote li te vle atire atansyon otorite yo sou kantite moun k ap kwoupi nan prizon, genyen se akòz dosye yo ki mal monte. Selon sa yo di ankò genyen

dosye moun ki gen plis pase 5 lane nan prizon an ki poko janm wè jij yo. Komisyon an plede pou Ministè lajistis mete yon komisè ki pou reskonsab sèlman dosye prizonye yo, epi fòk tribinal la tande plis dosye, fòk komisè yo byen monte dosye yo.

**14 OUT:** Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis te prezante yon dokiman bay laprès sou restitasyon nevyèm fowòm ki chita sou kesyon: Pou sèvis piblik lajistis yo vin pi pre sitwayen ak sitwayèn yo e pou garanti sekirite jiridik ak piblik. Dokiman sa a pèmèt moun yo wè pwoblèm ki genyen pou yo

## Koze mande chèz

Pandan tan sa a, etidyan ak ti ouvriye yo kontinye okipe beton an pou ekzije palmantè yo voye jete objeksyon prezidan Preval la ki fikse li menm salè ki pipiti a 125 goud. Patwon faktori yo, ki pran nan panik, blije fèmen pòt tout biznis yo pou rezon sekirite nan zòn Sosyete Nasyonal Pak Endistriyèl (Sonapi) ki se sant ki akeyi ouvriye k ap travay nan faktori yo.

Jounen madi 18 dawout 2009 la, nan yon seyans ki reyini anviron 78 depite, 38 ladan yo te vote 125 goud la, 36 lèzòt vote kont, kidonk en favè 200 goud la alòske 4 te rete bèkèkè.

Nan premye deklarasyon li fè aprè l fin konte bilten yo, prezidan chanm ki pi ba a, Levayan Lwijèn fè konnen pipiti kòb yon moun dwe touche nan sektè endistriyèl la se 125 goud”.



Depite Estivenn Benwa

Anpil palmantè te parèt kontan, anpil lòt tou pa t ka kache desepsyon yo. Depite Manich Kanperen an, Oglin Pyè, ki pa gen abitud pale, fè konnen demokrasi a ranpòte laviktwa. Palmantè a ki te vote an favè 125 goud la fè konnen li menm li pa nan manti ak popilasyon ki te voye l nan chanm ki pi ba a. Pou li, tout moun k ap mande pou fikse pipiti kòb moun ka touche a 200 goud se demagòg yo ye, se nan manti y ap trennen popilasyon an”.

Bò kote pa l, Estivenn Benwa ki se palmantè ki vini ak Lwa sou salè minimòm nan, di li regrèt anpil kòlèg ki te pran pòz ap defann 200 goud la nan fè gwo bri nan radyo, pa met pwent pye yo nan lachanm nan jou vòt la. Li kontinye pou l di: “Se yon vòt demokratik, pou yon fwa li bon, mwen pral koube anba rezilta a”. Li ajoute: “nou pa pèdi nèt paske se sèlman 23 000 anplwaye nan Faktori yo ki p ap jwenn 200 goud la. M pral mande senatè yo pou vote nan menm sans ak chanm depite yo pou moun k ap travay nan faktori yo jwenn 125 goud olye 70 goud jan sa ye la jounen jodi”.

N ap fè ou sonje seyans madi swa a se 3<sup>o</sup> rankont ki òganize sou vòt objeksyon chèf Leta a. ■

*Ladenson Fleurival  
fleurival15@yahoo.fr*

jwenn sèvis piblik lajistis yo ak relasyon ki genyen ant Leta ak sitwayen yo. Selon yo menm, apre 8 lane travay yo te fin reyalize nan tout peyi a, yo vin konstate pwosesis Refòm Lajistis la pa kapab reyalize pou plizyè rezon ki se absans ak patisipasyon sosyete sivil la ak sitwayen yo nan pwosesis pou tabli enstitisyon ki gen avni nan peyi a. Nan menm lide sa a, yon randevou te kase pou mwa sektanm pou yon aktivite ki gen kòm objektif defini aklè ki sekirite jiridik ki nesèsé pou satisfè demann popilasyon an nan koze lajistis.

**24 OUT:** Kenèt Mètenn (Kenneth Merten) se non nouvo anbasadè

amerikan an nan peyi d Ayiti. Apre anbasadè te fin remèt lèt li bay Prezidan Rene Preval, li te deklare: “Relasyon ki genyen ant Ayisyen ak Ameriken dwe repoze sou twa prensip ki se: Respè, Patenarya ak



dwe fè sa ki nesèsé pou devlopman peyi l. Anbasadè a te travay an Ayiti

Reskonsablite. D a p r e anbasadè a sa ta vle di Etazini dwe r e s p e k t e angajman li pran yo men gouvènman ayisyen an bò kote pa l

deja depi nan lane 1987. Li te fè deklarasyon l yo an fransè ak an kreyòl.

**25 OUT:** Yon elèv reto ki rele Hetnon Dallus ki te elimine ak 530 pwèn mouri anba bal polisye Jean Erick Jeanbatiste. Ensidan sa a te rive apre yon gwoup elèv te pran lari. Dapre sa yo di, yo ta jwenn non yo afiche sou sit entènèt ministè Edikasyon nasyonal la pou y al rekonpoze. Lè yo rive nan sal reskonsab yo pa t dakò pou yo antre. Elèv sa yo te kòmanse fè manifestasyon, kraze anpil materyèl. Polisye a ki te fè krim nan te jwenn arestasyon li. ■

*Tèks Wozilya Franswa  
Foto Achiv Bon Nouvèl*

## Ti refleksyon sou Ayiti

### Ki konsekans mizik Rap gen sou sosyete a ?



Mizik se yonn nan mwayen anpil moun sèvi pou yo fè pase panse yo, ak revandikasyon yo. Chak rit mizik swiv yon kouran ki mache ak mòd pa l, estil pa l...

An Ayiti, depi plis pase dizan mizik Rap la ap fè chemen l. Li se yon rit nwa-ameriken, ki gen orijin li nan peyi Etazini, nan katye ki pi pòv yo, sitou sa ki pote non "geto". Se yon estil menm jan ak lòt rit yo ki gen yon kouran ki travèse l, epi ki makonnen ak anpil lòt vis. Estil sa selon rasin li charye yon bann egzans ki fè kwè se mizik klas moun ki mal oryente nan sosyete a.

Aktivite "Ti sourit" ki te kòmanse nan ane 2005 nan peyi a, yon mannyè pou la polis ta ka rive poze lapat sou kèk nan bandi ki te kache nan tou yo fè anpil pwomosyon pou mizik rap, ansanm ak pwogram didye plis kèk emisyon radyo ki konsakre pou sa menm. Depi epòk sa tou, gwoup Rap ap pouse tankou dyondyon nan peyi a, sa ki ta sanble yon mwayen pou jèn yo rantre ti lajan, piske yo di peyi a pa ofri yo anyen. Sepandan, kesyon nou poze tèt nou : èske otorite peyi a rann yo kont ki konsekans kouran k ap travèse peyi a avèk mouvman Rap sa genyen an?

Pou moun ki gen bon zòrèy, ki pa fin twò fanatik yo kapab wè pi gwo sijè rapè yo trete nan mizik yo se vyolans, lajan ak plezi seksyèl, avèk kèk ladan yo ki pafwa trete kesyon sosyal. Pou moun ki gen bon je, yo kapab wè mòd mouvman sa bwote, tandans ki ta vle ranvèse yon seri valè moral nou genyen nan sosyete a. Nou kapab wè jodiya yon rapè gen plis valè pase yon pwofesè oubyen yon reskonsab relijye, malgre diskredi yo pote sou yo.

Anplis n ap mande tèt nou èske mouvman sa k ap pran pye nan peyi a ki chaje vis ak move tandans pa yon mwayen pou fè pwomosyon pou vyolans, lè nou konnen kantite moun ki nan kontravansyon ak lalwa mouvman sa a pwoteje. Tankou jan gwoup la chante l viris sa toupatou nan peyi a. Machin ak gwo mizik k ap fè piblisite, bis ak kamyonèt pou atire elèv, jèn kou granmoun, epi pa gen yon mezi volim pou sa, paske tan son an pifò tan li pi byen frape e se lè sa yo pi renmen l.

Pawòl vyolans tankou "Ou pa gangstè pou pèdi fil bwa ou", "M ap plen yo anba katouch", "M anvri pran bal" ak pawòl sèks tankou : "Ban m afè m", "Ti fi pile, ti gason pyafe", "Met kapòt" se pawòl ou ap tandè chak jou nan bouch menm timoun piti; rezilta, pasyon pou mizik Rap fè timoun alèkile pa prèske enterese ak zafè lekòl ankò, paske modèl yo se rapè yo pandan anpil nan yo pa menm fè yon bout katriyèm. Nou sot wè rezilta egzamen leta pou ane sa, nan tout nivo elèv yo pa prèske remèt anyen. Nou kapab konprann byen nan ki eta peyi ap vini nan yon ti tan ankò si konsène yo pa mete bouch nan koze a.

Epi kalite moun k ap fè rap mizik nan peyi a, yo tout prèske menm; gen sa ki pwoklame tèt yo tapajè, wòklò, twòp pou tè, lame; kòm kwadire se gwoup moun ki jwenn lisans pou yo mete banditis ak vyolans nan premye ranje nan fason pa yo. Malgre sa vedèt sa yo, se yo menm jèn gason ak jèn tifi ap imite, nan fason yo pale (tèt anba), nan jan yo abiye yo, yon fason ki rele estil bredjenn, ak jan yo mache debò. Ak modèl ki fin anvayi peyi a, nan Pòtoprens kou nan vil pwovens, gen paran k ap fòse kenbe, konsa genyen tou ki gentan bay demisyon yo tèlman viris la anvayi lakay yo.

Lè nou reflechi byen nou wè nan tout sans mizik Rap gen yon konsekans negatif sou sosyete a nèt paske se yon mouvman, tandans li se kraze pwodiksyon entelektyèl, respè dwa moun ak prensip moral ki se twa pilye yon sosyete demokratik. Mete vagabon nan plas moun debyen, ranplase prensip nan plas dèzòd se yon lide k ap pran pye an Ayiti depi kèk lane, e ta sanble sa pa deranje pèsòn, pandan gen anpil resous ki oblije kite peyi pou rezon sa sitou.



Li klè, si pa gen anyen ki fèt, tout moun ki gen yon ti moral pral chèche yon mwayen kite peyi a, lè sa vagabon va triyonfe, konsa nou p ap menm bezwen di nou gen peyi, paske si pa gen okenn kontwòl sou yon seri bagay k ap fèt nan peyi a depi jodiya pita va pi tris. ■

Wadner Isidor  
Pwofesè, jounalis  
Wadenri26@yahoo

## Miragwàn nan ladobat !



foto miragwàn, sous : Pè Brinach

*Yon vil chaje ak aktivite ! Se premye imaj ki frape nan vizaj nenpòt moun k ap vizite Miragwàn pou premye fwa. Men, lè ou kòmanse fouye zo nan kalalou ou jwenn sa ou te panse a pa sa. Metwopòl Nip la ki gen yon bèl pase, ap debat lajounen jodi pou l sòti anba lavi di.*

Kantite Biwo Leta ki plase pil sou pil toupre lanmè Miragwàn, fè anpil moun etone. Nou jwenn sou yon espas ki pa twò gwo : Lakomin, Ladwàn, Waf Miragwàn, direksyon depatmantal Nip..., yon Bank nasyonal kredi (BNC) tou kole. Yo chita kò yo bò lanmè komin nan ki twouve l nan yon distans 90 kilomèt ak Pòtoprens. Li genyen yon reprezantasyon chak enstitisyon leta tankou: Ofis asirans vyeyès (Ona), direksyon Sanità Nip, direksyon

Anviwònman, direksyon Finans, direksyon Travo piblik, Inite lit kont Koripsyon (ULCC), Sèvis nasyonal dlo potab (SNEP) elatriye. Pou rive Miragwàn se anviwon dezè 30 minit nan machin. Metwopòl depatman Nip la ki te teyat gwo batay ki te mete bab pou bab nan lane 1883, patizan Bazlè ak Salomon nan lagè peyi a t ap mennen kont liberal yo, ap trennen lajounen jodi. Selon prezidan konsèy kominal la Franse Jozèf (Franseu Joseph) : «Nan fen 19<sup>o</sup> syèk la, te gen yon konsila fransè ak yon konsila ameriken nan Miragwàn. Abitan yo pa t bezwen al Pòtoprens pou pran viza pou ale nan de peyi sa yo. Men akoz gwo kout zam ki t ap tire nan peryòd la, zotobre peyi Lafrans ak Etazini te kite site a pou yo al tabli kò yo nan kapital la, se depi lè sa a vil la ap degrenngole desann ».

## Sitiyasyon jewografik

Lè yon moun soti Tigwav, dènye pwent Sid depatman Lwès, ou toupre Miragwàn ki se kapital depatman Nip. Dayè se letan Miragwàn ki sèvi de komin yo fwontyè. Vil la gen 4 seksyon kominal : 1<sup>o</sup> seksyon Chalon, 2<sup>o</sup> seksyon Bèlrivyè, 3<sup>o</sup> seksyon Desous, 4<sup>o</sup> seksyon Sen Michèl. Gen anviwon 78 000 kretyen k ap viv nan chèflye depatman Nip la.

Nan chak seksyon kominal, gen yon lekòl leta ak anpil lòt lekòl prive. Gen tou yon fakilte moun apran dwa ki konplete lis sant k ap fè ledikasyon pou pitit Miragwàn yo. Nou jwenn yon sèl bibliyotèk ki pote non «Bibliyotèk Limyè demen »

Bank komèsyal, mezon transfè, otèl, bank bòlèt ak ti boutik fè kenken nan ti bout vil Miragwàn ki pa gen twòp sit touristik. Fò Reflechi ak Karenaj, kote abitan fè lapèch, parèt tankou sèl espas ki atire moun. Yon lòt kote, katedral Sen Janbatis ki fèk fete 125 ane depi li konstwi epi ki fèt ak bèl kout kreyon, domine yon bon pati nan vil la. Se chak 24 jen yo fete sen patwon an ki se Janbatis. Miragwàn gen syèj dizyèm pwovens eklezyastik an Ayiti. Se nan lane 2008, nan dat 9 novanm. apre gwo presyon lari a, bouch louvri ant popilasyon an ak fòs lòd yo, mete sou sa pil manifestasyon



Majistra Miragwàn nan, Frannso Jozèf

vatikan an te blije tounen sou desizyon l te gen pran pou mete syèj la nan Ansavo.

Aprè plizyè mwa pwotestasyon, zotobre legliz katolik yo tounen sou desizyon yo pandan yo fè Miragwàn tounen dyosèz la. Popilasyon an ap prepare l pou al fete premye anivèsè gwo evènman sila a nan dat 9 novanm k ap vini an. Legliz Sen Janbatis se yon mèvèy Katedral an brik, ki fè sonje konstriksyon lontan yo.

Miragwàn gen mòn pasipala ki antoure l. Kontrèman ak rès peyi a, gen kèk pyebwa ki bay frechè nan peryòd chalè. Nan vil la se komès ki pèmèt abitan yo met men nan bouch. Men nan seksyon kominal yo, peyizan fè lagrikilti pou bay madanm ak pitit yo manje. Yo kiltive mayi, pitimi, diri, men yo fè lapèch tou.

Genyen yon simityè kominal nan vil la. Nan chak seksyon yo, popilasyon

an gen simityè ki tou prè l. Mò yo antere nan kominote a.

### Ti kout je sou listwa

Nan koumansman, Miragwàn pa t yon vil. Kolon anglè yo te fonde yon waf nan tan lakoloni pou fè komès ak letranje nan zòn nan. Apre sa, bezwen yo vin ogmante, anglè yo te blije agrandi espas la. Se youn nan premye komin an Ayiti ki te deja ap fè komès avèk letranje depi nan 18<sup>o</sup> syèk, gras ak waf la ki ofri posibilite pou bato chaje et dechaje nan zòn nan.

### Komès ak aktivite kiltirèl

Miragwàn se yon vil mitan ki louvri sou 5 depatman peyi a : Lwès, Sid, Sidès, Grandans, ak Nip. Se yon kafou ki bay posibilite pou komès anndan peyi a men tou avèk lòt peyi nan rès mond lan.

Selon majistra kominal la Frannso Jozèf, «Lajan taks Miragwàn ranmase yo pa rete nan vil, se kès pouvwa santral la l an ranpli ». Nou jwenn plizyè bòdèl ak kèk otèl, men ki pa anpil. Otèl Wobsi se sèl otèl ki nan nivo kèk nan kapital la. Selon pwopyetè a Madanm Marikam Sineyas (Marie Carme Sinéas), «Gen ayisyen ki sot nan dis depatman peyi a ak etranje ki frekante l. Etranje k ap pase nan zòn nan konn pwofite pou fè yon eskal tou nan Wobsi Otèl klèb ».

Pò Miragwàn nan se dezyèm sa ki rapòte plis lajan nan kès Leta, aprè

Kap Ayisyen. Chak mwa, 6 bato ki jete lank nan waf Miragwàn, ogmante aktivite ekonomik ak komèsyal yo. Bato yo debake machin, aparèy radyo, òdinatè, televizyon, matla, rad, soulye elatriye, men tout sa se pèpè. Pwodwi pèpè sa yo atire anpil machann nan lari Miragwàn k ap fè tout kalte komès sou bòd mè a. Sityasyon sa a fòse lakomin ap ranmase fatra toutan pou kenbe vizaj vil la pwòp. Gen lòt komès tankou ti boutik ki pousse tankou dyondyon nan mitan vil la, mele ak machann pèpè ki okipe espas la.

Pou sa ki gen a wè ak aktivite kiltirèl, popilasyon lokal la pa gen twòp chwa sou ki mòd plezi li vle pran. Pa gen anpil klèb mizik, ni group mizikal, sinon yon gwoup rap ki fè ti jèn yo danse pafwa. Otèl Wobsi ak teras otèl klèb pa sifi pou mete anbyans nan mitan popilasyon an.

Gen yon sèl chèn televizyon : Tele Liberasyon ak kat estasyon radyo pami yo Radyo Liberasyon, Radyo Peyizan, Vwa Nip k ap woule mizik pandan y ap enfòm popilasyon an. Yon lòt kote, gagè yo, yon senkantèn anviwon, pèmèt batayè kòk yo chofo kò yo. Legliz tout relijyon san eksepsyon, simen lajwa nan kè popilasyon an tou..

Selon kèk sitwayen, «Sitwayen yo an majorite, al dòmi depi byen bonè. Lèswa, lavi fini nan vil la. Prèske pa gen aktivite ditou». ■

*Ladenson Flerival*

## Mari Kam Sineyas, yon modèl nou dwe swiv



**Kite peyi d Ayiti, pase nèf, dizan Ozetazini, an Frans, an Swis epi retounen an Ayiti se pa yon bagay ki fasil. Alòske madam Mari Kam Sineyas (Marie Carme Sineas) ki se koutiryèz, Estetisyèn, jesyonè, otelyè, prezidan Chanm komès Nip la wè se yon bagay ki fasil. Mari Kam ap di piblik la plis !**

Anvan mwen pale, m ap prezante m bay fanatik yo. Mwen se Mari Kam Sineyas, ki fèt 23 mas 1956, Miragwàn nan zòn Senmichèl Disid. Mwen gen 53 ane sou tèt mwen. Manman m ak papa m se moun Miragwàn. Papa m mouri, men manman m ap viv nan Senmichèl Disid. Se jimèl manman m ki leve m. Nan laj 3zan li kite Miragwàn ak mwen epi nou antre Pòtoprens. Mwen fè etid primè mwen nan lekòl nasyonal Dageso Lespinas. Li te sou chanm mas la. Lekòl sa a te brile yo pa t janm rekonstwi li. Mwen fè etid segondè mwen nan kolèj Jera Goug. Apre mwen fini ak etid segondè mwen, mwen te vin vwayaje pou kontinye etidye toujou, mwen fè 4 ane an Swis nan zòn Palm. Apre

mwen ale Etazini zòn Florid mwen fè 4 ane la tou ap etidye jesyon. Pandan mwen te an Swis mwen te rankontre ak Alfrèd Lwi Wobèti (Alfrèd Louis Roberty), yon etranje. Se li ki premye Mari mwen. Apre li te vin mouri nan ane 1999, mwen te tounen marye ak Danyèl Dimèlfò (Daniel Dimelfort). Mwen kapab di Bondye renmen m paske li ban mwen 2 bon mari. Mwen pa genyen pitit, mwen adopte pitit 2 sè m. Yon tifi yon ti gason. Pitit fi a fini etid li, li se enfimyè l ap viv Ozetazini. Pitit gason m nan isit ak mwen, fini etidye l ap travay.

Apre mwen te fin etidye mwen pa t gen lòt chwa se tounen Ayiti paske se la ki peyi m. Lè mwen vin retounen lakay mwen mwen di mari mwen pliske se jesyon mwen etidye an nou antre nan Biznis. Se konsa vrèman nou antre nan mouvman atizana. Nan atizana, nou kòmanse pase nan anpil kote ap achte chapo pay, panye. Kòm depi mwen piti yo te rele m Tikam, Mari mwen te renmen non an. Lè sa a nou te rele konpayi a Tikam Fachonn. Konpayi sa te nan Site Solèy, ki nan epòk sa te rele Site Simòn. Anpil fanm t ap travay pou nou. Yo te konn ap fè kwochè, bikini an kwochè. Nou te konn ap voye yo al vann nan peyi etranje. Lè nou wè aktivite yo ap mache, nou vin gen lòt kontak ak lòt etranje sitou ameriken, nou vin chanje non konpayi a, nou di koulyeya olye nou di Tikam Fachonn n ap rele l Mari Kam Sineyas (Marie Carme Sineas). Nan ane 85-86 nou deside chanje non an ankò. Nou wè biznis la ap mache epi pwodwi yo ap vann toutbon nou di n ap rele l Wobèti Sineyas (Roberty Sineas). Aktivite a te konn ap byen mache, nou te konn ap vann chak mwa

2 konntenè pwodwi kote nou te genyen anviwon 400 moun k ap travay. Mwen toujou gen jesyon konpayi a nan men m. Nan ane 2002 epòk sitiyasyon peyi a pa t bon, lè pou voye machandiz ale, wout bloke, anpil pwoblèm kounya tout moun sa yo nou te konn voye machandiz ba yo kite nou, yo ale lòt kote. Nou pèdi tout kliyan sa yo. Se sa ki te pouse nou fèmen konpayi a. Men Lokal la toujou egziste nan zòn Maryani. Nou gen pwojè pou n mete konpayi a kanpe ankò, paske tout materyèl yo toujou la. Menm anplwaye yo toujou kenbe kontak ak nou pou lè nou ta anvi rekòmanse.

Nan lavi fòk ou toujou gen vizyon Avan nou te fèmen faktori a, kòm mwen se otelyè, paske mwen te aprann li an Swis, nou te kòmanse ak konstriksyon Wobsi otèl. Se te premye otèl ki genyen nan depatman an, malgre jounen jodiya vin genyen lòt. Nou te kòmanse ak douz chanm, apre nou pase a 35 chanm epi n ap avanse. Nan otèl la gen chanm 2500 goud jiska 1500 goud. Nou mete nou yon fason pou moun ki frekante otèl la kapab jwenn sa l bezwen. Anndan otel la gen Nayklèb, prèske tout djaz ayisyen yo jwe la deja sof Zen ki poko vini e n ap travay pou nou fè l vin fè pèp miragwàn nan danse. Nou ale pi lwen toujou paske rèv mwen pa kanpe sèlman nan yon bèl otèl men mwen se moun ki vwayaje anpil, mwen wè otèl ki bèl ki bay plas pou biwo. Se sa ki fè nan otèl Wobsi pa gen sèlman sal pou konferans, men gen pou Biwo tou. Nou genyen ULCC, CAIRE, CRS epi nou gen Chanm Komès Nip. Gen moun oubyen enstitisyon k ap mande pou

## Ki moun ou ye ?

yo jwenn espas, paske yo renmen sèvis la, yo renmen disiplin ki genyen an. Mwen tounen lakay mwen, mwen vin investi, malgre lè mwen t ap investi anpil moun t ap dekouraje m, Men mwen di, m ap investi kanmenm pou si demen mwen ta mouri, moun lakay mwen p ap ka bliye m. Se te rèv mwen sa.

Anpil moun di otèl pa ka mache, men se pa vre, se moun k ap dirije l ki pou mete brenn sou li pou l dirije l byen. Paske gen moun se kote sa a yo y ap chèche, men lè li vini fòk li jwenn sèvis, akèy. Nan Wobsi depi ou vini ou ap mande tounen ankò. Gen anpil lòt otèl ki vin konstwi nan zòn nan, anpil nan mèt otèl sa yo konn di m otèl pa yo se pitit otèl pa m nan. Se pa manti, paske si otèl pa m nan plen, m ap mete rès moun yo nan machin mwen mennen yo nan lòt otèl nan zòn nan. Paske fòk nou aprann viv youn ak lòt. Ayisyen pa renmen konpetisyon alòske se sa k ap fè ou fè plis jefò. Nou gen lòt pwòjè paske otèl la poko fini nou gen pou nou mete teren pou espò tankou baskètbòl, tenis epi nou deja achte anpil cheval pou moun ki renmen monte cheval lè yo vini nan otèl la.

### Kote sosyal

Mwen te di pandan m ap fè biznis fòk mwen antre nan sosyal la tou. Paske se pa chita fè biznis sèlman, fòk moun sou kote ou oubyen nan alantou ou ka degaje yo tou. Se sa ki te pouse m monte yon òganizasyon ki gen 450 fanm ladan, ki rele Mouvman fanm Miragwàn. Fanm yo la akonpaye nou anpil nan zafè fòmasyon. Nou travay ak anpil medam, fè yo pran fòmasyon. Nou pran tout moun. Moun ki konn li, moun ki pa konn li, pwofesyonèl ni sa ki pa pwofesyonèl. Moun ki pa konn anyen an nou ede l pou gen yon chanjman nan lavi li. Mwen menm se yon moun ki gen bon jan men mwen

gen yon karaktè ki rèd anpil. tout sa m ap fè mwen vle li soti bon. S ak fe m plezi se paket medam ki di m “Madam, kwèm si ou vle, genle Bondye te ba ou misyon pou te ranpli nan Miragwan “. Paske mwen montre kijan pou yo viv, yo pa gen dwa pran kò, pou yo konnen se li ki pou ba yo tout sa yo bezwen pou yo viv. Pa gen sa, se fè tèt ou travay. Mwen wè gen pakèt nan Medan sa yo ki chanje. Se sa ki fè lè yon moun di m entèl pa bon, mwen pa kouri di se vre, mwen al gade s ak fè ou di l pa bon an. M chita m pale ak li. Gen yon pakèt jèn nan Miragwàn, si yo ap antre nan otèl la, yo wè m yo fè bak. Paske m ap fè yon biznis, mwen fè yon otèl men mwen pa fè yon bòdèl. Nan otèl la, ou ka vin swiv yon konferans, vin nan restoran, si yon paran vle vin fè jounen ak pitit li fòk li alèz. Se yon òganizasyon ki pa nan politik. Si yon moun ta anvè fè politik l ap oblije demisyone. Nou travay nan rebwazman, asenisman, edikasyon, sante. Menm si nou pa nan politik, nou fè anpil fòmasyon pou medam ki vle al nan politik yo tou. Medam yo antre nan ti komès. Nou fèk konstwi yon poulaye nan zòn Mousinyak, pou nou ede medam ki te gen pwoblèm apre siklòn nan, tankou sa ki pèdi kay, ki pèdi komès, n ap ba yo pondèz yo n ap ba yo ti komès.

### Mari Kam Prezidan chanm komès Nip la!

Nou te anviwon yon senkantèn konsa ki te deside mete chanm komès la sou pye pou nou wè si komès la ta chanje nan departman Nip la. Kòm mwen menm depi mwen piti mwen nan tout bagay. Paske mwen wè medam yo toujou ap rale kò yo yo pa vle patisipe nan anyen e mwen menm depi gen yon bagay, depi l bon, mwen pa ka pa ladan l. Nan tout fi ki te konn vin

patisipe nan reyinyon se sèl mwen ki rete. Kòm lè sa se pa t eleksyon se te nominasyon ki te genyen, lè sa mesye yo te fè konnen apre tout rankont yo se yon sèl fanm ki rete nan mitan nou, se fi sa a n ap mete nan tèt chanm komès la. Sa vle di mesye yo te deside, se mwen menm k ap vin prezidan chanm komès Nip la. Mwen kapab di jis jounen jodiya yo satisfè pou rezilta travay mwen. Paske mwen fè bagay yo bouje nan chanm nan. E mwen pral pi lwen sa gen 2 lane depi chanm komès Nip la egziste n ap travay pou nou mete chanm komès nasyonal sou pye men pou nou mete l kanpe fòk tout 10 departman yo gen yon chanm komès. Konsa yo ap pran yon moun nan chak chanm ki nan chak departman pou yo fòme chanm komès nasyonal la.

### Ou gen yon mesaj ?

Mwen ta mande tout moun k ap li jounal sa a, pou yo ka pran m tankou yon egzanp, tankou yon pitit peyizan ki fèt Miragwàn nan zòn Senmichèl Disid, epi ki reyisi lavi li. Paske mwen te gen yon rèv li reyalize. Mwen vle tou, lè yo ap li m, pou yo wè, yo pa oblije fèt tou genyen. Pou vin genyen, se jan ou panse, se jan ou reflechi, se sou wout ou met tèt ou a se ladan l ou va rive. Sa vle di ou pa limite, se ou menm ki ka limite tèt ou si ou fè move chwa.

Si gen yon rekòmandasyon m ap fè tou, si nou vle sove peyi a vre, se pou nou tout pare lè gen yon siklòn, lè gen yon tanpèt an nou tout mete men nou nan tè a, plante pyebwa paske se peyi nou n ap rebwaze, se pitit nou ki pral viv sa nou te plante. Mwen bay tèt mwen pou misyon pandan 6zan se fè kado pye kokoye, ak tout moun ki vle.

*Tèks Wozilya Franswa  
Foto Pòl Pitèsonn*

## Rantre lekòl ane sa a bay anpil bougonnen

Jan tout moun konnen l, depi kèk tan ane lekòl la tanmen chak ane nan mwa sektanm. Sa vin fè mwa sa a vin tounen yon mwa traka, yon mwa boulvès pou paran yo ki pa wè ni monte ni desann pou voye timoun yo lekòl. Sa k pi rèd la, chak ane, lekòl ap grenpe mòn devan de grenn je tout moun. E ane sa se menm kout ba a.

Nanm yon sosyete se ledikasyon l ak kilti l. Okenn peyi pa ka devlope si sistèm edikasyon l ap mache sou beki, oubyen pou n pi klè si lekòl li ap zoukoutap. Kèk save fè konnen tout sosyete chita sou 4 wòch dife ki se lafanmi, legliz, enstitisyon Leta yo ak lekòl. Tank moun al lekòl se tank peyi a gen yon chans pou l devlope. Lekòl dwe fèt pou tout moun e li dwe mache nan bonjan kondisyon.

Yon rechèch fè konnen an Ayiti gen 15200 lekòl primè. 90 pousan ladan yo se ti kominote ak òganizasyon legliz oubyen òganizasyon nongouvènmantral yo (ONG) k ap dirije yo. 67 pousan timoun al ladan yo, men se sèlman 30 pousan ki rive nan sètifika. Men tou, chak ane plis timoun pa ka al lekòl, lavi chè a fè paran yo bat ba.

### Manman pitit ak papa pitit mare senti yo

“Mwen konn anpil timoun ki p ap ka al lekòl ane sa a, paske paran yo pa gen lajan. Si te gen travay lè moun yo touche yo t ap ka vin achte bagay pou voye timoun yo lekòl. Konsa, nou menm machann nou t ap ka jwenn kòb pou n voye pa nou yo tou. Mwen menm, se yon sèl bagay m ap di: Manman pitit ak papa pitit mèt mare

senti yo. Ane lekòl sa a tout moun pran nan zip”. Jinèl Janti, yon machann nan ri Dèfonfò, nan yon ti pale li te fè ak Bon Nouvèl.

Senatè Anakasis Jan Ektò ki se manm komisyon edikasyon Sena a pa t met dlo nan bouch li pou l te fè konnen, nan sa ki gen arevwa ak bidjè nasyonal ane 2009-2010 la, reskonsab yo pa prevwa sibvansyon yo te konn bay paran yo chak ane pou rantre lekòl la.



Yon lòt bò, depi kèk lane nan bidjè peyi a gouvènman an te konn prevwa bay tout anplwaye Leta yo yon 14 zyèm mwa pou soulaje yo ak rantre lekòl la. Men, pou ane sa a, 14 zyèm mwa a pa nan bidjè a, dapre sa Senatè Anakasis fè konnen.

Poutan kèk palmantè di yo pa dakò ak lide koupe 14 zyèm mwa a. Yo panse gen aranjman gouvènman an ka fè nan bidjè a.

Minis edikasyon nasyonal la, Jowèl Dewozye Jan Pyè te anonse nan mitan mwa dawout la, 7 sektanm se dat ki deja fikse pou ane lekòl 2009-2010 la kòmmanse.

Pandan tan sa a, kèk machann liv anba lavil, nan kè kapital la, di yo pa ko wè klè ditou pou ane lekòl sa a. « Se liv sa yo m ap vann la a ki konn voye timoun mwen yo lekòl. Ane sa pi rèd pase lane pase, jiskensi mwen

pa ko wè anyen. Menm yon kreyon m pa ka vann, moun yo pa gen lajan». Pawòl Monik Edwa yon machann liv anba lavil la.

Yon lòt machann liv fè konprann se ta chomaj ki lakòz bagay prale konsa. “Mwen twouve aktivite yo kanyank kankank. Mwen pa wè paran yo sou achte liv ane sa a. Mwen panse se chomaj la ki lakòz sa. Yo p ap travay, lè yon ti kòb tonbe nan men moun yo li pase nan lamanjay. Pafwa moun nan pa menm jwenn manje pou l ta manje a menm. Bagay sa se yon katastwòf. Reskonsabilite gouvènman an se kreye travay pou moun ka jwenn mwayen pou voye timoun yo al chache moso ledikasyon » Deklarasyon Payen Enostra, yon machann liv anba lavil la.

Mesye Enostra kontinye, pou l fè konnen li se yon paran tou, li gen timoun pou l voye lekòl ane sa a, e li twouve lajan lekòl la twò chè ane sa a. «Chak jou k pase yo mete yon bagay sou lajan lekòl la. Bagay yo vin twò di atò pou manman ak papa pitit. Mwen gen yon ti pitit la ki pral nan kindègadenn, se 5 mil e fraksyon goud m pral peye pou antre a, epi chak trimès 3 mil goud. Se twò chè mezanmi. Sa k pi enpòtan pou gouvènman an ta fè, pase l sibvansyone liv, se lekòl pou l ta sibvansyone pito.

Kreyòl pale men sanble kreyòl pa konprann. Nan sitiasyon, sa èske pa gen yon bagay ki ta dwe di oubyen ki ta dwe fèt ?

*Jetwo Bènabe*

### Wi, mwen kapab!: Eske Sekreteri Deta Alfabetizasyon an kapab?

*Pwoblèm kòb ta sanble mete Sekreteri Deta Alfabetizasyon (SEA) an nan yon sityasyon difisil pou li ta reponn ak misyon li ki se aprann 3 milyon sitwayen Ayisyen li ak ekri an desanm 2010. Anplis sityasyon sa a lòt enstans ki konsène nan domèn edikasyon an fè kèk kritik ki fè anpil moun doute sou kapasite sekreteri Deta ak alfabetizasyon an.*

Pou rezoud yon fwa pou tout pwoblèm pa konn li ak pa konn ekri nan peyi d Ayiti, Sekreteri Deta Alfabetizasyon an, nan tèt kole ak Gouvènman an, te lanse 8 sektanm 2007 la yon pwojè kanpay alfabetizasyon. Pwojè sa a te dwe pèmèt 3 milyon sitwayen ayisyen konn li ak ekri rive nan desanm 2010. Pou reyalizasyon gran pwojè sila a yo te prevwa yon bidjè ki koute anviwon 7.339.482.223,33 goud. Metòd pwojè a soti nan nannan metodoloji alfabetizasyon Kiba a “Si, yo puedo”( wi, mwen kapab). Fòk nou di pwogràm Kiba a te ranpòte lamayòl nan pri alfabetisation UNESCO an 2006. Peyi ki fè eksperyans ak metòd sa a tankou Venezyela, Brezil, Kolonbi, Meksik pou nou site peyi sa yo sèlman rive bay anpil bon rezilta. Konsa, alfabetizasyon nan televizyon se youn nan metòd ki mache ak reyalyte Ayisyen an dapre responsab pwojè a. Poutan li klè pou tout moun, reyalyte Ayisyèn



nan jounen jodiya marye ak blakawout e ta sanble se plis moun lavil ki gen televizyon. Li ta bon pou Leta ta rezoud pwoblèm kouran pou ta fasilite reyalizasyon pwojè a. Fòmasyon pèsònèl, patisipasyon tout kouch nan sosyete a se pi bon fason pou pèmèt pwojè a reyisi. Jounen jodiya nan ki pwèn SEA ye ak pwojè alfabetizasyon an? Konbyen sitwayen ki gentan konn li ak ekri dapre pwojè a?

Dapre sa Wilyàm Telismon (William Thélusmon), ki se kowòdonatè Sant rechèch aksyon pou devlopman ( CRAD), fè konnen nan yon entèvyou li bay altèprès nan dat 12 mai 2009 la, *SEA a pèn touche 15 mil moun alòske li te gen objektif rive alfabetize 3 milyon moun.* Pa rapò ak deklarasyon sa a ta sanble SEA pa rive reyalize objektif li kòrèkteman. Reskonsab CRAD la

ajoute pou li di *m e t ò d alfabetizasyon an ta dwe makonnen ak teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon e li ta dwe egal ak de premye sik fondamantal yo.*

Yon vwa otorize nan SEA fè konnen yo pa ap kapab rive alfabetize 3 milyon sitwayen ankò jan pwojè a te prevwa la, akòz yon

pwoblèm kòb. Toutfwa, pou misyon SEA pa pèdi wout la nèt yo blije redwi 3 milyon moun nan a 1.5 milyon, sa vle di objektif la redwi a mwaye. Dapre fonksyonè a pwomès 7.4 milya goud la pa respekte. Li estime SEA pa ka fè san soti nan wòch ou dimwens fè mirak. Sityasyon fè aksyon, pwoblèm bidjè a mennen chanjman nan objektif SEA. Sepandan gen anpil dout sou rive touche 1.5 milyon ayisyen an, si ankò jounen jodiya se a pèn 15 mil moun ki rive benefisye pwogram nan. Sa ta sanble yon gwo defi sekreteri deta alfabetizasyon an ta dwe leve. Antouka, defi pa defi, SEA gen pou obligasyon rive alfabetize 1.5 milyon sitwayen ak sitwayèn nan peyi d Ayiti. Si non, lap bezwen yon lòt eslogan ki se : **Non mwen pa twò kapab!**

**Pòl Pitèsonn**

[paulpetersonb@yahoo.com](mailto:paulpetersonb@yahoo.com)

## 21 sektanm : jounen entènasyonal pou lapè

*Yon okazyon ki dwe pote anpil refleksyon sou sa lagè lakòz ak avantaj ki genyen nan regle koze nou nan lapè*

Jounen entènasyonal pou lapè a, se yon jounen asanble jeneral nasyonzini an te pwoklame nan lane 1981 yon manyè pou bay lide kreye lapè nan mitan nasyon yo bonjan jarèt. 20 lane aprè, kidonk an 2001, asanble jeneral la te deside kenbe dat 21 sektanm kòm jounen mondyal lapè pou moun fete chak ane Bondye mete. Se konsa nan menm moman asanble jeneral la te mande tout peyi manm yo, ògnizasyon ak sitwayen sou latè pou yo fete jounen sila a. E se depi lè sa a, anpil peyi ak òganizasyon tanmen fete dat sila a pou lage chalbari dèyè vyolans ak lide chen manje chen an ki antòtye mond lan nan pye lamizè ak lapèrez. Nan kè ane 2009 la, sekretè jeneral nasyonzini an, Bann Ki-moun, mande tout gouvènman ak sitwayen nan mond lan pou yo konsantre yo sou dezameman ak yon ola nan koze zam nikleyè k ap kreye san mande rete a. Mesye Bann Ki-moun te kontinye pou l fè konnen jounen entènasyonal lapè a se yon jounen pou yon gwo leve kanpe toupatou nan mond lan pou kaba vyolans ak chirepit. Se okazyon tou ki dwe pote anpil refleksyon sou sa lagè lakòz ak avantaj ki genyen nan regle zafè nou nan lapè.

Twòp hing hang, lagè Irak, Afganistan, Somali, Repiblik demokratik kongo, lagè teritwa okipe nan palestine yo, ak lòt ankò. Tout lagè sa yo lakòz anpil kretyen vivan al nan peyi san chapo san

nesesite. Yo lakòz tou anpil dega sou estrikti fondalnatal sosyete sa yo tankou ledikasyon, sistèm sante ak jistis elatriye.



Konfli chen manje chen sa yo makònen ak gwo kè ki sòti nan pase dwa moun anba pye, nan diskriminen moun, nan mete moun sou kote, nan lese grennen ki ap bouyi avan boum vyolans lan pete. Anpil fwa se sa ki lage kèk peyi nan katchouboumbe ki anpeche van lapè a soufle sou yo.

### Plas kèk peyi nan lis lapè pou ane sa a

Pou ane 2009 la, yon etid fè konnen se peyi Nouvèl Zelann ki pote lamayòl la nan koze lapè nan mond lan. Aprè Nouvèl Zelann gen 4 lòt peyi ki touprè li nan lis la se: Dànmak ki 2èm, Nòvèj ki vini an 3èm pozisyon, Islann ki an 4èm epi Otrich 5èm jouk nou rive nan peyi ki pi mal yo nan keksyon lapè a. Nan lis lapè a, peyi d Ayiti plase an 116 zyèm pozisyon nan mitan

Filipin ki 115èm ak Kodivwa ki 117èm. Repiblik Dominikèn plase an 70 zyèm pozisyon; Kanada 8èm peyi ki gen plis lapè nan mond lan pou ane sa, Etazini 83èm nan lis la, Meksik 108èm. Epi 5 dènye peyi ki pi mal yo pou ane sa a, se: Soudan ki 140èm; Izrayèl 141èm; Somali 142èm; Afganistan 143èm ak Irak ki plase an dènye pozisyon.

### Yon kout je sou Afrik

Kontinan afriken an fin dechire depi 40 lane anba hing hang ki genyen nan mitan peyi afriken yo ak anndan yo. Sou 75 a 80 konfli moun regle soti depi 1945, anviwon 40 konsa ladan yo se gè sivil. Soti nan lane 1963 pou rive an 1998, 26 goumen ak zam te pete an Afrik e kòm rezilta 474 milyon moun te rive viktim. Kidonk 61 pousan moun nan kontinan an te frape. Afrik se yon kontinan ki jwenn anpil operasyon lapè nan men nasyonzini (ONU). Plis pase mwatye entèvansyon ONU yo dewoule sou kontinan afriken. Men lapè pa sispann rete yon defi.

Nan kou kat sa a, moun ka konprann jounen entènasyonal lapè a se yon moman ki dwe pèmèt tout òganizasyon ak sitwayen k ap lite pou lapè ka reyini yo nan yon dat yon manyè pou rive jwenn yon monn san zam, san lagè; oubyen kote moun ka viv egalego, Kisa ki ta pou anpeche n fè sa? ■

*Jetwo Bènabe*

## Volebòl : Kan dete Bannzay 2009: Yon bon distraksyon pou jèn yo

*Nan okazyon sizyèm edisyon Kan Klèb Bannzay te òganize nan ane 2009 la, ekip Jounal Bon Nouvèl te fè yon ti kout pye nan lokal kolèj "Saint Martin de Tours", kote kan sila a te òganize, pou chèche fouye zo nan kalalou sou aktivite sa a. Konsa, ekip la te rive jwenn enfòmasyon nan men òganizatè, antrenè ak patisipan.*

Li rete yon tradisyon pou klèb Bannzay, òganize chak ane yon kan dete pou tout jèn ki renmen e ki pratike espò yo rele volebòl la. Ane sa a ankò, òganizatè yo te tanmen yon kan san parèy depi 13 pou rive 31 jiyè. Jèn gason ak jèn fi ki te soti nan tout kwen nan peyi a te vin aprann jwe ak ogmante kapasite teknik yo pandan yo ap pran plezi ak fè zanmi. Patisipan yo pa t kache satisfaksyon yo nan bon fòmasyon ak bon moman yo te pase avèk klèb Bannzay. Michèl Loudlin, yon jèn fi 20 lane ki te patisipe pou premye fwa, te fè konnen satisfaksyon li. *"Mwen santi mwen trè satisfè paske gen anpil bagay mwen pa t ka fè nan volebòl la men gras ak kan sa a kounya mwen ka fè yon manchèt, mwen ka fè yon touch, epi mwen kontan anpil pou fòmasyon mwen jwenn nan fason mwen dwe pwoteje tèt mwen kont tout maladi seksyèl."*

Nan kan Bannzay pa gen plas pou diskriminasyon, timoun, jèn yo tout ka patisipe. Kan Bannzay pa enskri moun sou baz relijyon, klas li fè oubyen nan ki fanmi li soti. Sèlman depi se yon jèn

fi oubyen gason ki renmen volebòl kan Bannzay prè pou resevwa l.

Edi Etyèn (Eddy Etienne), direktè teknik nan Bannzay te bay objektif kan Bannzay la: se fè timoun yo konnen volebòl la epi ogmante nivo teknik sila yo ki te fè konesans ak jwèt la deja. Direktè teknik la te pwofite okazyon an pou l site pwoblèm finans ki se youn nan pi gwo pwoblèm klèb la ap rankontre. Men, kote teknik, sa ap mache trè byen daprè li menm. Konsa li mande pou leta, espesyalman ministè espò a ta voye je plis sou aktive kan sa a, yon manyè pou li ta bay plis kontribisyon pou ane k ap vini an pou kan sa a ka pi bèl. Edi Etyèn te kontinye pou l bay enfòmasyon sou klèb Bannzay, li fè konnen Klèb la divize an 5 ekip ki repati konsa: 2 nan premye divizyon fi, 2 nan dezyèm divizyon gason epi gen gwoup espwa a. Bannzay genyen dis antrenè k ap bay bon jan fòmasyon teknik. Rezilta sou plan nasyonal ak entènasyonal yo fè wè akèl nivo teknik klèb la.

Antwàn Jaki ki se antrenè seleksyon Espwa yo, te pwofite pou eksplike



kouman li jwenn ankadreman nan men dirijan Bannzay yo. Pou li menm pi gwo defi li rankontre nan kad travay li se rive mete inyon nan mitan timoun yo yon manyè pou youn aksepte lòt. Konsa li fè konprann volebòl se yon espò ki ka rive reyini jenès ayisyèn nan. Pou amelyore kan Bannzay la, antrenè a mande pou dirijan yo ta chwazi yon lòt lokal ki gen plis espas.

Youn nan dirijan klèb Bannzay yo fè konnen yo pa jwenn sipò finansye pou reyalkize kan an. Toutfwa, li pwofite remèsye "Food for the poor" ak lèt Bongú yo menm ki te ede yo ak kèk pwovisyon alimantè. Epi Ministè Espò a ki te bay 30 balon pou kan an.

Pandan tout bagay nan peyi d Ayiti ap degrade, klèb Bannzay kanpe doubout ap goumen chak jou Bondye mete pou ofri jèn yo bon jan distraksyon.. ■

*Pòl Pitèsonn*

## Chanpyona nasyonal Volebòl la : Atiyè ak Taygèz de chanpyon pou ane 2009 la

*Pou 7èm edisyon chanpyona nasyonal volebòl ayisyen an pou ane 2009, Taygèz (Tigers) te ranpòte lamayòl la devan ekip Bannzay la bò kote mesye yo e Atiyè (Artilleurs) fas ak ekip Tigrès (Tigresse) la bò kote medam yo.*

Dimanch 9 dawout 2009 la te pote anpil jwa ak kontantman pou Taygèz (Tigers) ak Atiyè ki yo de te soti chanpyon nan chanpyona nasyonal volebòl la. Nan chanpyona sila a te gen onz vil ki te patisipe ki se: Pòtoprens, Okap, Okay, Bèladè, Tigway, Fòlibète, Wanament, Pòdepè, Jakmèl, Kapoti ak Akayè.

Nan final la ekip Tigrès la pa t ka resiste fas ak ekip Atiyè ki te rive mete do li atè nan 2 sèt a zewo (25-15, 25-22). Konsa sa fè dezyèm fwa ekip Atiyè a ranpòte tit chanpyon nasyonal la, premye fwa se te an 2007 nan Wanament. Bò kote Mesye yo farin nan pa t vin nan menm sak paske Taygèz te jwe yon gwo match fas ak

ekip Bannzay la kote li mete do Bannzay atè nan 3 sèt (25-15, 18-25, 16-14). Se pou twazyèm fwa Taygèz ranpòte lamayòl nan chanpyona nasyonal la. Konsa, yo te chanpyon nan lane 2004 nan Tigway, dezyèm fwa se te nan lane 2005 nan Kap Ayisyen e pou fini ane sa a nan Akayè.

*Pòl Pitèsonn*



## Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi

Lespri Sen an se fòs pou transfòmasyon sosyete a



Zanmi lekti kominotè Bib yo bonjou, REBA kontan kontinye reflechi avek nou sou Bib la. Li envite n travay ak nou yon lòt semenn Bibli, ki gen kòm tèm «LESPRI SEN AN SE FÒS POU TRANSFOME SOSYETE A.» Se yon seri zouti nou vle met nan men nou ki pou ede n travay sou Bib la pi byen nan kominote nou yo. Si nou jwenn kèk difikilte pou sèvi ak yo, fè nou konnen nan biwo a ki chita nan enpas Divèje # 13. oubyen rele nan 2245.36 46.

### Pou kòmanse n ap prezante nou:

#### Dewoulman selebrasyon chak jou yo :

- Nou chwazi osinon prepare yon kote ki pwòp
- Nou mete flè, postè osinon kèk senbòl ki ka ede nou lapriyè.
- Nou chwazi yon chan tout moun konnen.
- Mèt kay la, animatè a osinon prezidan asanble a di yon ti mo byenveni.
- Nou lapriyè pou mande lesprisen an limyè nou bezwen pou gide n sou wout lavi a.
- Nou pataje kèk ti nouvèl sou reyalite lavi a.
- Nou prezante tèm rankont lan ak kèk ti kòmantè
- Nou li moso Labib nou chwazi pou jou a.
- Nou reflechi, medite epi pataje sou li.
- Kisa ki touche nou nan tèks la ?
- Ki pèsonaj nou jwenn ladan l ?
- Kisa yo di, kisa yo fè?
- Ki mesaj moso Labib sa a pote pou nou jodiya?
- Fè yon ti rezime refleksyon an.
- Lapriyè kominote a.
- Resite Papa nou.
- Yon chan lapè osino rekonsilyasyon
- Fè anons si genyen
- Chan final, epi kase randevou pou lòt jou.

· Pou dènye jou a nou fè yon ti evalyasyon semèn nan pou nou wè kijan sa te pase.

### 1<sup>e</sup> jou :

Tèm : CHEMEN JEZI.

**Chemen vle di misyon Jezi. Pak la montre nou aklè chemen Jezi a.**

#### 1. Akèy:

- Animasyon
- Moun ki te pare selebrasyon an di yon ti mo byenveni.
- Li fè tout moun konnen moun ki prezan.
- Li mande pou yon moun fè lapriyè.
- Moun yo pataje kèk ti nouvèl sou kominote a, peyi a osinon peyi etranje.

### 2. BONDYE PALE NAN LAVI NOU Prezantasyon senbòl jounen an.



-Kisa nou wè la a ?

-Kisa l itil ?

-Ki wòl li ?

**Ki pwovèb ayisyen nou konnen ki pale sou chemen?**

a) Tout chemen mennen a Wòm

## Chandèl limen

- b) Se nan chemen jennen yo kenbe chwal malen
- c) Chemen lajan pa gen pikan
- d) Byen san swe fè nèg ak rèk bliye chemen lonè
- e) Fòk ou konn la pou ou al la

*Kisa pwovèb sa yo vle di ?*

*Ki leson nou tire nan chak pwovèb sa yo ?*

*Kilès nan yo nou dwe kenbe ki pou ede n vanse ?*

### BONDYE PALE NAN BIB LA

#### 3. Lekti PAWÒL BONDYE:

Lik 9,22-25:

#### Aprè Lekti a :

-Sa a se Pawòl Bondye ki montre nou chemen Jezi a

-Mèsi Bondye Mèsi

#### 4 AN N KALKILE SOU PAWÒL LA

- Kouman Jezi eksplike chemen pa l la?
- Ki moun ki te vle touye l ? Poukisa?
- Kisa Bondye fè?
- Ki mesaj nou jwenn nan tèks sa a pou nou menm jounen jodiya ?
- Ki mesaj nou jwenn pou kominote nou yo?
- Ki mesaj nou jwenn pou peyi nou ?

**REZIME :** *Animatè a rezime pawòl la, epi li di yo : Plan Bondye se pa t lanmò pou Jezi, malgre anpil fwa se konsa nou konprann sa ; Plan Bondye se lavi pou tout moun. Nan tout sosyete ki chita sou enjistis, koripsyon ak vyolans moun ki vle chanje sosyete sa a mete lavi l an danje e se sa ki te rive ak Jezi. «Chemen Jezi a se bay lavi l pou tout moun*

*jwenn piyay lavi nan Bondye. «Jezi te mache nan tout peyi a, li t ap fè byen» sa pa t anpeche yo te touye l, men Bondye pa kite Jezi anba pouvwa lamò a, li te resisite l. Chemen Jezi a pa fini nan lanmò li fini nan lavi, paske Bondye se lavi a. Tout moun ki vle swiv Jezi dwe aksepte mete lavi l nan sèvis pwojè lavi Bondye a.*

#### An n lapriyè sou pawòl la :

- Lapriyè kominotè
- Papa nou ki nan syèl la
- Yon chan mèsi osinon lapè.
- Anons si genyen.
- Kase randevou pou lòt jou.
- Chan final.



#### Lekti Labib pou mwa Oktòb 2009

Dimanch 4 Oktòb 2009 27 <sup>e</sup> dimanch tan òdinè	Dimanch 18 Oktòb 2009 29 <sup>e</sup> dimanch tan òdinè
1- Jenèz 2, 18-24	1- Ezayi 53, 10-11
2- Ebre 2, 9-11	2- Ebre 4, 14-16
3- Mak 10, 2-16	3- Mak 10, 35-45

Dimanch 11 Oktòb 2009 28 <sup>e</sup> dimanch tan òdinè	Dimanch 25 Oktòb 2009 30 <sup>e</sup> dimanch tan òdinè
1- Liv Lasajès 7, 7-11	1- Jeremi 31, 7-9
2- Ebre 4, 12-13	2- Ebre 5, 1-6
3- Mak 10, 17-30	3- Mak 10, 46-52



# Blag ak Jwèt

## Blag

- Maksim kouri antre nan kizin nan epi li kanpe byen serye:
- Manman se toutbon se Bondye ki ban nou pen n ap manje chak jou a?
  - Manman: Wi pitit mwen!
  - Maksim: E kado nan epòk desanm, se pè Nowèl ki ban nou li?
  - Manman: Wi ti piti cheri m!
  - Maksim: Sigòy se pou ti bebe
  - Manman: Wi ti kè m
  - Maksim: Bon manman, kisa papa yo bay nan kay la?



## solisyon mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	P	W	A		P	E	R	E	D	O
2	W	A	N	G	A	N	E	G	E	S
3	O	T	O		N	I		O	M	I
4	F	E	N	E	T		M		I	T
5	I		I	T	A	L	I	K		O
6	T	I	M	A	L	I	S		O	U
7	E	T		M	O	S	K	O		U
8		A	T	A	N	T	A		N	B
9	P	L	A	J		R	D		F	E
10	M	I	N	O	T	E		S	O	T

## Mo Kwaze

### Pran agòch ale adwat

1. Plant ki sèvi pou fè pwodwi kosmetik – Mèb
2. Avyon k ap desann atè – Frape, bat
3. Sitiyasyon povrete – Kravat
4. Non yon gason
5. Bay pèmisyon – Jezi Kri (Abreviyasyon)
6. Motè kò a – Bato ki koule, ki abandone
7. Machin ak 2 wou - Yo touye l ansanm ak Chavann
8. Premye chif – Maladi
9. Maladi – Fòs
10. Envante,panse


### Pran anwo desann anba

1. Galè (zouti bòs ebenis) - Kantite
2. Sitiyasyon – Moun k ap jere lajan
3. Pou pran chalè kò a –  
Kontraksyon pou « Nou a »
4. Antre dlo sou yon tè pou fè jaden –  
Moun yo kenbe pou ekzije yon aksyon
5. Al wè yon moun osinon yon kote
6. Yon nan pozisyon yon oslè –  
Likid santi bon pou pase sou kò ou
7.  $1 + 2 =$  - Lè ou di l yo reponn respè
8. Fèmen ak takèt – Lanse yon bagay
9. Fo cheve – Fè jijman
10. Ki pa lèd – Vann san lajan sou konfyans moun



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2										
3										
4										
5										
6										
7										
8										
9										
10										

Jan Fanaspò



Bon  
Journal  
Nouvel

103, Ri Pave  
B.P. 19252  
HT-6112  
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477  
bonnouvel@yahoo.com  
Site web:  
www.bonnouvel.org

ISSN 1606-660X

### Pwojè "Bon Nouvel"

**Sipèvizyon:** Pè Gi Vandekandelare - Pè Lik Devègle  
**Dirèksyon:** Pè Jan Out  
**Redaksyon:** Wozilya Franswa.  
**Dokimantasyon:** Wozilya Franswa  
**Sekretarya ak Pwomosyon:** Flerèt Matye  
**Distribisyon:** Jan Deni Tanis - Wilga Belanj  
**Administrasyon:** Wilga Belanj  
**Antretyen:** Yolèn Chal